



Pou Piblikasyon Imedya: 23/03/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 500,000 DOLA NAN FINANSMAN POU FÈ ETID SOU BLOKIS GLASYAL YO AK INONDASYON NAN RIVYÈ MOHAWK

Etid lan Pral Devlope Nouvèl Estrateji pou Redwi Inondasyon Fiti yo ak Blokis Glasyal yo Ki sou Rivyè Mohawk

DEC Pibliye Dokiman Bouyon pou Kalandriye Aksyon “Whole River” Sou Senk Ane an pou Amelyore Kalite Dlo ak Rezistans Basen Vèsan Rivyè Mohawk lan ak Rapò Pwogrè sou Inisyativ ki Konplete yo

Yo Pral Aplike Leson Ke Yo Te Aprann nan Etidye Rivyè Mohawk lan nan Kouran Dlo yo ki atravè Eta a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te òdone Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York lan jodi a pou li mete sou pye yon etid sou inondasyon ak blokis glasyal yo pou 500,000 dola sou branch prensipal koridò Rivyè Mohawk lan. Etid lan pral analize neseseite rediksyon inondasyon tanpèt ak blokis glasyal yo nan zòn ki kouri gwo danje yo, epi enkli ladan rekòmandasyon pou kapab redwi inondasyon fiti yo ak danje blokis glasyal yo sou Rivyè Mohawk lan ak lòt kouch dlo yo ki atravè New York. An plis, DEC te pibliye yon dokiman bouyon pou kalandriye aksyon “whole river” (“tout rivyè a”) sou senk ane an pou kapab favorize plis amelyorasyon nan kalite dlo, ekoloji, ak rezistans global pou inondasyon yo pou Basen Vèsan Rivyè Mohawk lan (Mohawk River Watershed), ansanm ak yon rapò pwogrè ki detaye sou divès inisyativ kolaboratif ke yo te reyalize jiska dat.

“Pandan ke kondisyon metewo grav yo ap vin nouvèl nòmalite an, li enpòtan anpil pou tout nivo nan gouvènman yo kowòdone yon fason ki efikas epi fè vanse pwojè ki ap ranfòse rezistans enfrastrikti nou yo epi sipòte efò agresif nou yo pou amelyore kalite dlo yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Etid sa, an plis de travay eta a ki ap kontinye nan Basen Rivyè Mohawk lan, li pral bay nou syans ke nou bezwen pou enfòme rekòmandasyon pou redwi evènman inondasyon fiti yo, epi vize investisman nou yo pou pwoteje kominote yo, ekoloji, ak biznis yo nan rejyon an.”

Etid lan pral gide direksyon efò repons eta a pou inondasyon yo, plan rediksyon danje yo, pwojè rediksyon inondasyon yo, epi gen ladan evalyasyon enfòmasyon sou evènman inondasyon resan ak istorik yo, idantifikasyon zòn kritik ki sijè a danje

inondasyon ak ensidan blokis glasyal yo, ak yon evalyasyon idwolik global ak devlopman altènatif pou rediksyon danje inondasyon ak blokis glasyal yo pou chak zòn ki kouri gwo danje yo ki nan branch prensipal koridò Rivyè Mohawk lan. Pwogram Basen Rivyè Mohawk DEC an pral responsab pou konplete etid lan an kowoperasyon ak konsiltan ekspè yo.

Basen Vèsan Rivyè Mohawk lan, tankou lòt zòn yo ki nan eta a, te afekte deplizanpli pa efè chanjman klimatik yo. Rivyè a te eksperimente kondisyon metewo ekstrèm ki ap ogmante gravite ak frekans inondasyon yo, ki enkli inondasyon destwiktif ki te koze pa Ouragan Irene ak Tanpèt Twopikal Lee an 2011, ak an 2013, lè te gen yon evènman presipitasyon grav ak inondasyon ki koze akòz de li nan Konte Herkimer, Oneida, ak Montgomery. An plis, Basen Vèsan Rivyè Mohawk lan te ankonbre ak blokis glasyal yo, ak inondasyon ivènal ki te koze akòz de li yo an 2018.

Anons etid lan te konplèman ak piblikasyon dokiman bouyon “*Mohawk River Basin Action Agenda (2018-2022)*” (“*Kalandriye Aksyon Basen Rivyè Mohawk*”) ak “*Mighty Waters Report on Progress*” (“*Rapò sou Pwogrè pou Dlo Pwisan yo*”) DEC yo, ki se yon rezime de travay yo ki te konplete nan kad Kalandriye Aksyon 2012-2016 DEC a pou rivyè an. Kalandriye Aksyon 2018-2022 lan se yon plan sou senk ane pou reyalize vizyon pataje pou gen yon Basen Vèsan Rivyè Mohawk kote moun ka naje, fè lapèch, epi ki rezistan.

Dokiman bouyon “*Mohawk River Basin Action Agenda (2018-2022)*” an pral ede gide travay konsèvasyon yo nan basen vèsan an sou senk pwochen ane yo. Reyalizasyon kalandriye aksyon an li administre pa Pwogram Basen Rivyè Mohawk DEC an ansanm ak patnè kolaboratè li yo. Basen Vèsan Rivyè Mohawk lan se yon zòn ki ideyal pou fè vanse objektif jesyon Eta New York ki baze sou ekosistèm yo apati entegrasyon dirabilite anviwònman ak konpozan nan kwasans ak devlopman ekonomik ki dirab epi ki entelijan.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman a, Basil Seggos, te deklare, “Etid sou Rivyè Mohawk lan ke yo te anonse jodi a ansanm ak kalandriye aksyon an pral ede fè vanse pwòje ki enpòtan anpil yo pou kapab prezève epi pwoteje sante rivyè a ak basen vèsan li yo. Gouvènè Cuomo te fè investisman konsiderab nan sovgade kalite dlo yo, amelyore rezistans kominote a, ranfòse abita akwatik yo, epi kreye nouvo aksè rekreyatif epi ki elaji pou moun ki gen tout aptitud yo. Nan kolabore ansanm ak tout patnè ki soti nan tout sektè yo, dokiman bouyon pou *Mohawk River Basin Action Agenda* lan pral ajoute sou efò ki te fèt nan pase yo pou bay bourad a retablisman basen vèsan sa, pou kapab benefisye a kominote ki nan Mohawk Valley yo”.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan, Roger L. Parrino, Sr., te di, “Nouvèl nòmralite nan kondisyon metewo grav yo sa mande pou gen nouvèl solisyon pou ede redwi inondasyon ak blokis glasyal fiti yo. Mwen aplodi direktif Gouvènè an pou fè etid sou solisyon pou rediksyon danje inondasyon ak blokis glasyal yo ki ta kapab ede anpeche inondasyon nan fiti nan tout zòn ki peple anpil yo bò Rivyè Mohawk”.

Direktè New York State Canal Corporation, Brian U. Stratton, te deklare, “Seksyon rejyon lès nan Kanal Erie an li nan Rivyè Mohawk lan, kidonk etid sa pral gen yon enterè patikilye pou moun sou bato, pwopriyetè kay ak biznis yo ki sou tout koridò Kanal

lan. Nou pral sipòte totalman nenpòt mezi ke etid sa rekòmande pou fè chèn navigasyon Kanal Erie an sou tout basen Rivyè Mohawk lan vin pi rezistan pou tanpèt yo ak blokis glasyal yo”.

Bouyon kalandriye aksyon an pral disponib pou revizyon ak kòmantè piblik jiska dat 18 Me 2018. Yo pral enkòpore kòmantè ak sigjesyon yo nan dokiman bouyon an epi prezante li bay Komite Direksyon Pwogram Basen Rivyè Mohawk lan nan fen sezon prentan 2018 lan. Yo planifye reyinyon piblik pou dat ak lokalite nou pral site la yo:

- 6:00 - 7:30 p.m., nan dat 17 Avril 2018, nan Utica Public Library, Library Gallery, 303 Genesee Street, Utica, NY
- 6:00 - 7:30 p.m., nan dat 24 Avril 2018, nan Peebles Island Visitor's Center, 1 Delaware Avenue, North, Cohoes, NY

Dokiman bouyon “*Mohawk River Basin Action Agenda (2018-2022)*” ak “*Mighty Waters Report on Progress*” lan yo disponib [la a](#). Ou kapab soumèt kòmantè ak sigjesyon sou dokiman “*Mohawk River Basin Action Agenda (2018-2022)*” an nan: Katherine Czajkowski, Kowòdinatris Basen Vèsan Mohawk, NYSDEC - Mohawk River Basin Program, 625 Broadway, Albany, NY 12233-3502, oswa apati imèl nan: mrpb@dec.ny.gov.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)